# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
28.12.2011-ж. №110/VIII

# ЖАС ӨСПИРИМЛЕР АРАСЫНДА ҚАДАҒАЛАЎСЫЗЛЫҚ ҲӘМ ҲУҚЫҚБУЗАРЛЫҚЛАРДЫҢ ПРОФИЛАКТИКАСЫ ҲАҚҚЫНДА

## 1-БАП. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы саласындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат.

### 2-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы ҳаққында нызамшылық

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы туўралы нызамшылық усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы туўралы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнама қағыйдалары қолланылады.

### 3-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**жас өспиримлер** - он сегиз жасқа толмаған шахс;

**жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы** - жас өспиримлердиң қараўсызлығына, олар тәрепинен ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ҳәрекетлер жүз бериўине имкан беретуғын себеплер ҳәм шараятларды анықлаў ҳәм болдырмаўға қаратылған жеке тәртиптеги профилактикалық жумыс пенен биргеликте әмелге асырылатуғын социаллық, ҳуқықый, медициналық ҳәм басқа да илажлар системасы;

**социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспирим** - жас өспиримниң қадағалаўсызлығы яки қараўсызлығы ақыбетинде оның өмири, яки саламатлығы ушын қәўип туўдыратуғын ямаса оны тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оған билим бериў талапларына жуўап бермейтуғын шараятта болған яки ҳуқықбузарлық ямаса басқа да антисоциаллық ҳәрекетлерди ислейтуғын жас өспирим;

**социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы шаңарақ** - ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар жас өспиримлерди тәмийинлеў,

тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша өз миннетлерин орынлаўдан бас тартқан яки тийисли дәрежеде орынламай атырған ямаса олардың минез-қулқына унамсыз тәсир көрсетип атырған яки оларға мийримсиз қатнаста болып атырған шаңарақ;

**қадағалаўсыз** - ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар тәрепинен жас өспиримди тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оған билим бериў бойынша өз жуўапкершиликлерин орынлаўдан бас тартыўы яки тийисли дәрежеде орынламаўы нәтийжесинде жүрис-турысы қадағалаўсыз қалған жас өспирим;

**жеке тәртиптеги профилактикалық жумыс** - социаллық жақтан қәўипли жағдайда болған жас өспиримлер ҳәм шаңарақларды өз ўақтында анықлаў, сондай-ақ оларды социаллық-педагогикалық реабилитациялаў ҳәм жас өспиримлердиң ҳуқықбузарлықлар яки басқа да антисоциаллық ҳәрекетлерди ислеўиниң алдын алыўға байланыслы жумыс;

**қараўсыз** - анық жасаў орны болмаған қадағалаўсыз қалған жас өспирим;

**антисоциаллық ис-ҳәрекетлер** - жас өспиримниң турақлы түрде спиртли ишимликлер, нәшебентлик затлар, психотроп яки ақыл-жигерине тәсир етиўши басқа да затларды пайдаланыўы, бузықшылық, тиленшилик пенен шуғылланыўы усаған ис-ҳәрекетлери, сондай-ақ өзге пуқаралардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин бузатуғын басқа да ҳәрекетлери.

**4-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша жумыстың тийкарғы ўазыйпалары**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша жумыстың тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

жас өспиримлер қадағалаўсызлығы, қараўсызлығы, олар тәрепинен ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўиниң алдын-алыў, буларға мүмкиншилик беретуғын себеплер ҳәм шараятларды анықлаў ҳәмде сапластырыў;

жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў;

жас өспиримлерде нызамға бойсыныўшылық сезимин қәлиплестириў; социаллық жақтан кәўипли жағдайдағы жас өспиримлер ҳәм шаңарақларды социаллық-педагогикалық реабилитациялаў;

жас өспиримлерди ҳуқықбузарлықлар яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлерди ислеўге тартатуғын жағдайларды анықлаў ҳәм оларды сапластырыў.

**5-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша жумыстың тийкарғы принциплери**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасына тийисли жумыстың тийкарғы принциплери төмендегилерден ибарат:

нызамлылық;

инсанийлық;

системалылық;

шаңарақты қоллап-қуўатлаў ҳәм оның менен өз-ара бирге ислесиў;

социаллық жақтан қәўипли жағдайда болған жас өспиримлердиң тәрбиясына жеке тәртипте жақынласыў.

**6-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша жумысты информациялық тәмийинлеў**

Мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқада шөлкемлер, сондай-ақ пуқаралар:

прокуратура уйымларын - жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери бузылғанлығы туўралы;

жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларын - жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери бузылғанлығы туўралы, сондай-ақ жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер жумысында жол қойылған кемшиликлер туўралы;

әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымларын - жетим балалар, ата-анасының қәўендерлигинен айрылған ямаса өмири яки денсаўлығына қәўип туўдыратуғын ямаса тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм билим бериў талапларына жуўап бермейтуғын шараятта болған балалар туўралы;

мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў уйымларын - социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы ҳәм мәмлекеттиң социаллық жәрдемине мүтәж болған жас өспиримлер ҳәм шаңарақлар анықланғанлығы туўралы;

ишки ислер уйымларын - социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспиримлер ҳәм шаңарақлар, ҳуқықбузарлықлар яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекет ислеген жас өспиримлер туўралы, сондай-ақ жас өспиримлерди ҳуқықбузарлықлар яки антисоциаллық ис-ҳәрекетти ислеўге тартып атырған ямаса оларға қарата басқа да ҳуқыққа қарсы ис-ҳәрекетлер ислеп атырған ата-аналар ҳәм өзге шахслар туўралы;

денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелерин - турақлы түрде спиртли ишимликлер, нәшебентлик затлар,

психотроп яки ақыл-жигерине тәсир етиўши басқа да затларды пайдаланыўы ақыбетинде медициналық тексериўге, көриктен өткериўге яки даўаланыўға мүтәж болған жас өспиримлер туўралы;

билимлендириўди басқарыў уйымларын ҳәм билимлендириў мәкемелерин-қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерин яки басқа балалар мәкемелеринен өз бетинше кетип қалған ямаса билимлендириў мәкемелериндеги сабақларға себепсиз келмей атырған яки турақлы түрде қатнаспай атырған ҳәм мәмлекеттиң социаллық жәрдемине мүтәж болған жас өспиримлер туўралы тезлик пенен хабардар етеди.

**7-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасында ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың қатнасыўы**

Ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар балаларын тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша миннетлерди орынлап, олардың қәўипсизлигин, өмири ҳәм денсаўлығының қорғалыўын, қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын тәмийинлеў мақсетинде:

билимлендириў мәкемелеринде оқып атырған жас өспиримлердиң оқыў ўақтында ресторанлар, кафелер, барлар, клублар, дискотекалар, кинотеатрлар, компьютер заллары, интернет тармағынан пайдаланыў хызметлерин көрсетиў ушын ажыратылған бөлмелерде ямаса басқа да кеўил көтеретуғын (дем алыў) орынларда болыўына жол қоймаў, бул орынларда билимлендириў хызмети яки билимлендириў мәкемелери тәрепинен өткерилетуғын илажлар шеңберинде болыўы буған кирмейди;

жас өспиримлердиң спиртли ишимликлерди, нәшебентлик затлар, психотроп яки ақыл-жигерине искерлигине тәсир етиўши басқа да затларды пайдаланыўына, шегиўине жол қоймаў;

жас өспиримлердиң ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўине жол қоймаўдың илажларын көреди.

Ата-ана яки ата-анасының орын басыўшы шахслар жас өспиримлердиң ресторанлар, кафелер, барлар, клублар, дискотекалар, кинотеатрлар, компьютер заллары, интернет тармағынан пайдаланыў хызметлерин көрсетиў ушын ажыратылған бөлмелерде ямаса басқа да кеўил көтеретуғын (дем алыў) орынларда түнги ўақытта олардың бирде-биреўиниң қадағалаўысыз болыўына жол қоймаўдың илажларын көреди.

## 2-БАП. ЖАС ӨСПИРИМЛЕР АРАСЫНДА ҚАДАҒАЛАЎСЫЗЛЫҚ ҲӘМ ҲУҚЫҚБУЗАРЛЫҚЛАРДЫҢ ПРОФИЛАКТИКАСЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎШЫ УЙЫМЛАР ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ

**8-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер системасы**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер қурамына төмендегилер киреди:

жас өспиримлер ислери бойынша комиссиялар;

ишки ислер уйымлары;

билимлендириўди басқарыў уйымлары ҳәм билимлендириў мәкемелери;

әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымлары;

денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери;

мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў уйымлары;

Усы статьяның биринши бөлиминде көрсетилмеген уйымлар ҳәм мәкемелер жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасында нызам актлеринде белгиленген тәртипте қатнасады.

**9-статья. Жас өспиримлер ислери бойынша комиссиялар**

Жас өспиримлер ислери бойынша комиссиялар өз ўәкилликлериниң шеңбери көлеминде:

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы, олардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеўге тийисли илажларды әмелге асырады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық, ҳуқықбузарлықлардың ҳәм басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлердиң профилактикасы, олардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў бойынша комплексли илажларды ислеп шығады, сондай-ақ усы илажлардың орынланыўының үстинен қадағалаўды әмелге асырады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелердиң жумысларын муўапықластырып барады;

жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў бағдарында ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлердиң жойбарларын ислеп шығыўда қатнасады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелердиң унамлы ис тәжирийбелерин улыўмаластырады ҳәм көпшиликке тарқатады, оларға шөлкемлестириўшилик-методикалық жәрдем көрсетеди;

жас өспиримлер, педагогикалық жәмәәтлер ҳәм жәмийетшилик арасында ҳуқықый үгит-нәсиятларды алып барады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелерде жас өспиримлерди сақлаў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў шараятларын қадағалайды;

жас өспиримлерди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине орналастырыў туўралы усыныс пенен, сондай-ақ нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да мәселелер бойынша судқа мүрәжат етеди;

билимлендириў мәкемелериниң жас өспиримлерди бул мәкемелерден шығарыў туўралы усынысларын көрип шығады;

жас өспиримлердиң, олардың ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың, сондай-ақ басқа шахслардың жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыўы менен байланыслы шағымлар ҳәм арзаларды көрип шығады;

жазаны өтеў мәкемелеринен азат етилген яки қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринен қайтып келген жас өспиримлерге жумысқа орналасыў ҳәм турмысын дурыс жолға қойыўда жәрдем көрсетеди, мәмлекеттиң социаллық жәрдемине мүтәж болған жас өспиримлерди орналастырыў илажларын белгилеўде көмеклеседи;

ҳуқықбузарлықлар ҳәм басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлерди ислеген жас өспиримлерди қайта тәрбиялаўда ата-анаға яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға жәрдем бериў ушын зәрүрли таярлыққа, турмыслық тәжирийбеге ямаса балалар менен ислесиў тәжирийбесине ийе пуқараларды өзлериниң разылығы менен жумысқа тартады;

өз мәжилислерине лаўазымлы шахслар, қәнигелер ҳәм басқа да шахсларды көрилип атырған мәселелер бойынша мағлыўмат ҳәм түсиниклер алыў ушын мирәт етеди;

жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыўын сапластырыў, тәрбиялық-профилактикалық жумысты жақсылаў мақсетинде мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлерге усыныслар киргизеди;

жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыў жағдайлары бойынша прокуратура уйымларына хабарландырыў жибереди;

мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа шөлкемлердиң лаўазымлы шахслары жас өспиримлер ислери бойынша комиссиялардың шешимлерин орынламаған, сондай-ақ жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларының ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыўын сапластырыўға байланыслы усынысларда көрсетилген илажларды көрмеген жағдайларда, оларды жуўапкершиликке тартыў ҳаққында тийисли мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлерге усыныслар киргизеди;

жас өспиримлер, олардың ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға тәсиршең шараларын белгиленген тәртипте қолланады;

жас өспиримлер ислери бойынша комиссиялар нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

Жас өспиримлер ислери бойынша комиссияның шөлкемлестирилиўи ҳәм жумыс ислеў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**10-статья. Ишки ислер уйымлары**

Ишки ислер уйымлары жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын өз ўәкилликлери шеңберинде әмелге асырады.

Ишки ислер уйымларының жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы арнаўлы бөлимлери жас өспиримлер арасында ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бөлимлеринен ҳәм жас өспиримлерге социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайларынан (буннан-былай текстте-социаллық-ҳуқықықый жәрдем көрсетиў орайы) ибарат. Ишки ислер уйымларының басқа бөлимлери жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасында өз ўәкилликлериниң шеңберинде қатнасады ҳәмде зәрүр жәрдем көрсетеди.

**11-статья. Ишки ислер уйымларының жас өспиримлер арасында ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бөлимлери**

Ишки ислер уйымларының жас өспиримлер арасында ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бөлимлери өз ўәкилликлери шеңберинде:

жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барады;

излеў жәрияланған жас өспиримлерди, сондай-ақ социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспиримлерди анықлаўға байланыслы илажларды әмелге

асырады ҳәм белгиленген тәртипте оларды жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы тийисли уйымларға яки мәкемелерге жибереди;

жас өспиримлерди ҳуқықбузарлықлар яки антисоциаллық ис-ҳәрекетти ислеўге тартқан ямаса жас өспиримлерге қарата басқа да нызамға қарсы ис ҳәрекетлер ислеп атырған шахсларды, сондай-ақ жас өспиримлерди тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша өз миннетлемелерин орынлаўдан бас тартқан яки тийисли дәрежеде орынламай атырған ямаса жас өспиримлердиң минез-қулқына унамсыз тәсир көрсетип атырған яки оларға мийримсиз қатнаста болған ата-аналарды яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларды анықлайды ҳәм оларға нызам актлеринде нәзерде тутылған тәсиршең шараларын қолланыў туўралы тийисли мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлерге усыныслар киргизеди;

жас өспиримлердиң, олардың ата-аналары яки ата-аналарның орнын басыўшы шахслардың, сондай-ақ басқа да шахслардың жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң бузылыўы менен байланыслы шағымлары ҳәм арзаларын көрип шығады;

ҳуқықбузарлықлар яки антисоциаллық ис-ҳәректлерди ислеген жас өспиримлерге нызам актлеринде нәзерде тутылған тәсир етиў шараларын қолланыў туўралы жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы тийисли уйымлар ҳәм мәкемелерине усыныслар киргизеди;

жас өспиримлерди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайларына яки қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине белгиленген тәртипте орналастырыў ушын оларға тийисли ҳүжжетлерди таярлайды;

жас өспиримлердиң қадағалаўсызлығы, қараўсызлығы, ҳуқықбузарлықлары яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлериниң фактлери, сондай-ақ оларға мүмкиншилик беретуғын себеплер ҳәм шараятлар туўралы тийисли мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлерди хабардар етеди;

ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәректлер ислеген жас өспиримлерди, сондай-ақ қадағалаўсыз ҳәм  қараўсыз қалған жас өспиримлерди нызам актлеринде нәзерде тутылған ҳалда ҳәм тәртипте ишки ислер уйымларына алып барады, бул ҳаққында тезлик пенен баянлама дүзеди ҳәм жас өспиримлер алып келингенлиги туўралы олардың ата-аналарын яки ата-аналарының орнын басыўшы шахсларды хабардар етеди;

жас өспиримлердиң жасаў, оқыў (жумыс) орнындағы билимлендириў, мәдений дем алыў, спорт-саламатландырыў мәкемелеринде, басқа да

шөлкемлерде, дөгереклер ҳәм клубларда жас өспиримлер менен алып барылатуғын тәрбиялық жумыслардың жағдайын үйренеди;

жас өспиримлердиң ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлерди ислеўине мүмкиншилик беретуғын себеплер ҳәм шараятларды сапластырыў туўралы тийисли мәмлекетлик уйымларға ҳәм басқа да шөлкемлерге усынислар киргизеди;

жас өспиримлердиң ҳуқықбузарлықлары яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлери туўралы материаллардың тийисли уйымлар ҳәм мәкемелер тәрепинен көрип шығылыўында қатнасады;

жас өспиримлер тәрепинен исленген ҳуқықбузарлықлар яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлердиң, жас өспиримлерди тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша өз миннетлемелерин орынлаўдан бас тартқан яки тийисли дәрежеде орынламай атырған ямаса олардың минез-қулқына унамсыз тәсир көрсетип атырған яки оларға мийримсиз қатнаста болып атырған ата-аналар яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың есабын жүргизеди, сондай-ақ статистикалық есабат дүзиў ушын тийисли болған мағлыўматты топлайды ҳәм улыўмаластырады;

жетим балалар ҳәм ата-ана қәўендерлигинен айрылған балаларды орналастырыўда әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымларына көмеклеседи;

Ишки ислер уйымларының жас өспиримлер арасында ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бөлимлери нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**12-статья. Жас өспиримлерге социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайлары**

Социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайлары өз ўәкилликлери шеңберинде:

үш жастан он сегиз жасқа шекем болған жас өспиримлердиң шахсын анықлаў, өмирин, денсаўлығын қорғаў яки олар тәрепинен ҳуқықбузарлықлардың қайталанып исלениўиниң алдын алыў мақсетинде оларды күни-түни қабыллаўды ҳәм ўақытша сақлаўды әмелге асырады;

алып келинген жас өспиримлер менен жеке тәртиптеги профилактикалық жумысын алып барады, жас өспиримлердиң қадағалаўсызлығы, қараўсызлығына, ҳуқықбузарлықлар ҳәм басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлерди ислеўине мүмкиншилик беретуғын себеплер ҳәм шараятларды анықлайды жәнe бул ҳаққында тийисли мәмлекетлик уйымларын ҳәм басқа да шөлкемлерин хабардар етеди;

жас өспиримлерди қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемелерге алып барады, сондай-ақ усы мәкемелерде сақланып атырған жас өспиримлерди жайластырыў бойынша басқа да илажларды әмелге асырады.

Социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайлары нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

Социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайларына төмендеги жас өспиримлер жайластырылыўы мүмкин:

қадағалаўсыз яки қараўсыз қалғанлар;

қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемелерин, жетим балалар ҳәм ата-ана қәўендерлигинен айрылған балалар ушын билимлендириў мәкемелери ямаса басқа да балалар мәкемелеринен өзинше кетип қалғанлар;

ата-ана қәўендерлигинен айрылған он алты жасқа шекемги жас өспиримлер;

социаллық қәўипли қылмыслар ислеген, бирақ жынаятлы жууапкершиликке тартыў мүмкин болған жасқа толмаған ямаса руўхый кеселлик пенен байланыслы болмаған ҳалда раўажланыўында өз жасына салыстырғанда әдеўир артта қалыўы ақыбетинде ислеген қылмысының әҳмийетин толық аңлап жетпегенлер, егер жас өспиримлердиң өмири ҳәм ден саўлығын қорғаўды тәмийинлеў яки олар тәрепинен социаллық қәўипли қылмыслардың тәкирарлап исленуўиниң алдын алыў зәрүр болса, сондай-ақ олардың шахсы анықланбаған ямаса олардың анық жасаў орны болмаса яки өзлери социаллық қәўипли қылмыслар ислеген Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасамай атырған болса;

ҳәкимшилик жууапкершиликти келтирип шығаратуғын ҳуқықбузарлықларды ислегенлер, егер олардың шахсы анықланбаған болса ямаса олардың анық жасаў орны болмаса яки өзлери социаллық қәўипли қылмыслар ислеген Өзбекстан Республикасы аймағында турақлы жасамай атырған болса;

өзиниң қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемесине орналастырылыўы туўралы мәселениң суд тәрепинен көрип шығылыўын ўақытша күтип турғанлар;

судтың уйғарыўы менен қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемесине жиберилгенлер;

жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ушын судтың уйғарыўы тийкар болады.

Жас өспирим социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына ишки ислер уйымы яки социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайы баслығының ямаса оның орынбасарының қарары тийкарында орналастырылыўы мүмкин.

Бул жағдайда жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў туўралы мүрәжатнама ҳәм усы орайға орналастырыў

зәрүрлигин тастыйықлаўшы материаллар жас өспирим орайға орналастырылғаннан кейин 48 сааттан кешиктирилместен судқа жибериледи;

социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайы баслығы яки оның орынбасары жас өспиримниң усы орайға орналастырылғанлығы туўралы усы орай жайласқан жердеги прокурорды ҳәм жас өспиримлер ислери бойынша комиссияны тезлик пенен 24 сааттан кешиктирместен хабардар етеди.

Жас өспиримлер социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында оларды орналастырыў ушын зәрүр болған ең кем ўақыт даўамында, бирақ көби менен отыз күн болыўы мүмкин. Айрықша жағдайларда бул мүддет судтың уйғарыўы тийкарында он бес күнге шекем созылыўы мүмкин.

Социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында жас өспиримниң болыўы мүддетине төмендегилер кирмейди:

социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымы тәрепинен жәрияланған карантин дәўири;

жас өспиримниң денсаўлықты сақлаў мәкемесиниң ҳүжжети менен тастыйықланған ҳәм оны шаңараққа қайтарыўға яки тийисли мәкемеге жибериўге тосқынлық ететуғын кеселлиги дәўири;

судтың мүрәжатын канаатландырыў ҳәм жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемесине орналастырыў туўралы уйғарыўы үстинен берилген протесттиң көрип шығылыў ўақты.

Жас өспиримлерге социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайлары туўралы реже Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен тастыйықланады.

**13-статья. Билимлендириўди басқарыў уйымлары ҳәм билимлендириў мәкемелери**

Билимлендириўди басқарыў уйымлары өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлерде нызамға бойсыныўшылық сезимин қәлиплестириўге, оларға әдеп-икрамлық ҳәм саламат турмыс тәризи тийкарларын синдириўге қаратылған бағдарламалар ҳәм қолланбаларды ислеп шығады ҳәм билимлендириў мәкемелериниң ис әмелиятына енгизеди;

қәнигелестирилген оқыў-тәрбиялық мәкемелердиң, сондай-ақ жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў ўазыйпаларын әмелге асырып атырған басқа да мәкемелердиң жумысын жетилистириўге байланыслы илажларды әмелге асырады;

билимлендириў мәкемелериндеги сабақларға себепсиз келмей атырған, ямаса турақлы түрде қатнаспайтуғын жас өспиримлерди анықлайды ҳәм олардың

есабатын жүргизеди, олардың улыўма ҳәм орта арнаўлы, кәсиплик билимин алыўына байланыслы илажларды көреди;

жас өспиримлерге өз өмир жолын ҳәм кәсип-өнер таңлаўда олардың қәбилети, қызығыўшылығы, ықласы ҳәм денсаўлығының жағдайына муўапық психологиялық жәрдем көрсетеди;

раўажланыўында яки минез-қулқында кемшилиги болған жас өспиримлерди анықлайтуғын, оларды комплексли тексериўден өткеретуғын ҳәм олардың келешектеги тәмийинлениўи, тәрбиясы ҳәм билиминиң түрлерин белгилеў бойынша усыныслар таярлайтуғын психологиялық, медициналық-педагогикалық комиссиялар дүзеди;

жеке тәртиптеги профилактикалық жумысты алып барыўда қатнасады;

билимлендириў мәкемелеринде жәмийетлик спорт секцияларын, техникалық ҳәм басқа да дөгереклер, клублардың шөлкемлестирилиўин ҳәм жас өспиримлерди оларға қатнасыўға тартыўды тәмийинлейди, жас өспиримлердиң бәнтлиги ҳәм дем алысларын шөлкемлестириўде қатнасады.

Улыўма орта, орта арнаўлы, кәсиплик билимлендириў мәкемелери ҳәм басқа да билимлендириў мәкемелери өз ўәкилликлери шеңберинде:

раўажланыўында яки минез-қулқында кемшилиги ямаса оқыўында машқалалары болған жас өспиримлерге социаллық-психологиялық ҳәм педагогикалық жәрдем көрсетеди;

социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы, сондай-ақ билимлендириў мәкемелериндеги сабақларға себепсиз келмейтуғын ямаса турақлы түрде қатнаспайтуғын жас өспиримлерди анықлайды, оларды тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериўге тийисли илажларды көреди;

билимлендириў мәкемелеринде жәмийетлик спорт секциялары, техникалық ҳәм басқа дөгереклер, клублар шөлкемлестиреди ҳәм жас өспиримлерди оларға қатнасыўға тартады;

социаллық жақтан қәўипли болған шаңарақларды анықлайды ҳәм усы шаңарақларға өз балаларын тәмийинлеў ҳәм оларға билим бериў бағдарында жәрдем көрсетеди;

жас өспиримлерде нызамға бойсыныўшылық сезимин қәлиплестириўге, оларға әдеплилик ҳәм саламат турмыс тәризиниң тийкарларын синдириўге бағдарланған дәстүрлер ҳәм усылларды әмелге асырыўға тийисли илажларды көреди.

Жетим балалар ҳәм ата-ана қәўендерлигинен айрылған балалар ушын билимлендириў мәкемелери өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлердиң ата-анасы қайтыс болған, олардың ата-аналары ата-аналық ҳуқықынан айрылған, олардың ата-аналарының ата-аналық ҳуқықы

шекленген, ата-анасы қатнасқа уқыпсыз деп табылған, ата-анасы наўқас болған, ата-анасы узақ мүддет болмаған, ата-анасы балаларын тәрбиялаўдан яки олардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаўдан ўаз кешкен жағдайда, соның менен бирге, ата-анасы өз балаларын билимлендириў мәкемелеринен, денсаўлықты сақлаў мәкемелеринен, халықты социаллық қорғаў мәкемелеринен ҳәм басқа да мәкемелерден алыўдан бас тартқан жағдайда, сондай-ақ, балалар ата-анасының қәўендерлигинен маҳрум болған басқа жағдайларда жас өспиримлерди тәмийинлеў, оларға билим бериў, келешекте оларды орналастырыў ҳәм еркин турмысқа таярлаў ушын қабыл етеди;

кем тәмийинленген, көп балалы шаңарақлардың жас өспирим балаларын, тек әкеси яки анасы бар болған жас өспиримлерди усы шаңарақларды социаллық қоллап-қуўатлаў мақсетинде бир жылдан артық болмаған мүддетке тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў ушын қабыл етеди;

бул мәкемелерде сақланып атырған жас өспиримлердиң ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлейди;

жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыўда қатнасады.

Билимлендириўди басқарыў уйымлары ҳәм билимлендириў мәкемелери нызам актлерине муўапық басқа да ўазыйпаларды әмелге асырыўы мүмкин.

**14-статья. Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелери**

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине қәнигелестирилген мектеплер ҳәм қәнигелестирилген кәсип-өнер колледжлери киреди.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине он бир жастан он сегиз жасқа шекем болған, тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм билим бериў ушын арнаўлы шараятларға мүтәж жас өспиримлер төмендеги жағдайларда үш жылдан артық болмаған мүддетке орналастырылыўы мүмкин, егер олар:

социаллық қәўипли қылмыслар ислеген, бирақ жынаятлы жуўапкершиликке тартыў мүмкин болған жасқа толмаған ямаса руўхый кеселлик пенен байланыслы болмаған жағдайда раўажланыўында өз жасына салыстырғанда әдеўир артта қалыўы ақыбетинде ислеген қылмысының әҳмийетин толық аңлап жетпеген болса;

айыплылығы туўралы мәселе шешилмей турып жынаятлы жуўапкершиликтен азат етилген, материаллар жас өспиримлер ислери бойынша комиссияға көрип шығыў ушын тапсырылған болса;

қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине орналастырыў бойынша мәжбүрлеў шарасы қолланылған жағдайда жынаятлы жазадан азат етилген болса;

жеке тәртиптеги профилактика жумысы алып барылыўына қарамастан ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўди даўам еттирип атырған болса.

Жас өспиримлерди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине орналастырыў ушын төмендегилер тийкар болады:

усы статьяның екинши бөлиминиң екинши, үшинши ҳәм бесинши абзацларында көрсетилген жас өспиримлерге байланыслы усы Нызамға муўапық шығарылған суд уйғарыўы;

усы статьяның екинши бөлиминиң төртинши абзацында көрсетилген жас өспиримлерге байланыслы Өзбекстан Республикасының Жынаят-процессуал кодексине муўапық шығарылған суд уйғарыўы;

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине усы мәкемелерде сақлаў, тәрбиялаў ҳәм билим бериўге тосқынлық ететуғын кеселлиги болған жас өспиримлерди орналастырыў мүмкин емес.

Жас өспиримлерди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринде сақлаў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериўге тосқынлық ететуғын keселликлер дизими Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен тастыйықланады.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелери өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлерди оқытыўды, оларды кәсип-өнерге таярлығын ҳәм социаллық-педагогикалық реабилитациялаўды әмелге асырады;

жас өспиримлерди сақлаўдың усы мәкемелер аймағын қорықлаўда, жас өспиримлердиң жеке қәўипсизлигин ҳәм унамсыз тәсирлерден қорғалыўын, бул мәкемелер аймағына бийтаныс шахслардың еркин кириўин, бул мәкемелерде сақланып атырған жас өспиримлердиң еркин шығыўын шеклеўди өз ишине алған арнаўлы шараятларды тәмийинлейди;

жас өспиримлердиң бул мәкемелерден өзинше шығып кетиў жағдайлары туўралы усы мәкемелер жайласқан жердеги ҳәм жас өспиримлердиң жасаў орынларындағы яки турған жериндеги ишки ислер уйымларын хабардар етеди ҳәм ишки ислер уйымлары менен биргеликте оларды табыў ҳәм бул мәкемелерге қайтарыў бойынша илажлар көреди;

жас өспиримлердиң жасаў орнындағы жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларға жас өспиримлердиң усы мәкемелерден шығарылғанлығы туўралы хабарландырыўларды, сондай-ақ жас өспиримлерге тийисли минезлемелерди оларды шығарыўдан кеминде бир ай алдын жибереди.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелери усы мәкемелер жайласқан жердеги жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларға төмендеги мәселелер бойынша усыныслар киргизеди:

жас өспиримлерди басқа қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине өткериў;

жас өспиримлердиң усы мәкемелерде болыўын суд тәрепинен белгиленген мүддет өтиўинен алдын, егер олар минез-қулқы дүзелгенлиги себепли усындай тәсир шарасын қолланыўды даўам еттириўге мүтәж болмаса яки денсаўлығының жағдайына байланыслы бул мәкемелерде бола алмаса тоқтатыў;

жас өспиримлерди оқытыўды жуўмақлаў зәрүр болған жағдайда олардың усы мәкемелерде болыў мүддетин созыў.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелери нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелери туўралы реже Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен тастыйықланады.

**15-статья. Әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымлары**

Әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымлары өз ўәкилликлери шеңберинде:

жетим балаларды, ата-анасы қәўендерлигинен айрылған балаларды анықлайды ҳәм олардың есабатын жүргизеди ҳәмде ата-ана қәўендерлигинен айрылғанлықтың анық жағдайларынан келип шығып, балаларды орналастырыў түрлерин таңлайды, сондай-ақ оларды тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў шараятлары үстинен қадағалаўды әмелге асырады;

нызам актлеринде нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте жас өспиримлерге әменгерлик ҳәм қәўендерликти белгилеў бойынша илажлар көреди;

он төрт жастан он сегиз жасқа шекем болған жас өспиримниң өз ис ҳақы, стипендиясы яки басқа табысларын еркин басқарыў ҳуқықын шеклеп қойыў яки оны бул ҳуқықтан айырыў туўралы судқа мүражат етеди, буған жас өспиримниң белгиленген тәртипте толық көлемде ҳәрекет уқыплылығын алыў жағдайлары кирмейди;

жеке тәртиптеги профилактика исин алып барыўда қатнасады;

ата-аналық ҳуқықын шеклеў яки ата-аналық ҳуқықынан айырыў туўралы даўа арзаларын қозғайды;

ата-аналық ҳуқықын шеклеў яки ата-аналық ҳуқықынан айырыў туўралы, сондай-ақ ата-аналық ҳуқықын тиклеў ҳаққындағы ислерди судларда көрип шығыўда қатнасады.

Әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымлары нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**16-статья. Денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери**

Денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлер, олардың ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар арасында санитария-гигиеналық билимлерди кең ен жайдырыўды, сондай-ақ саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаўды шөлкемлестиреди;

жас өспиримлер арасында алкоголизм, шегиў, нәшебентлик ҳәм токсикомания және олардың минез-қулқындағы усы нәрселер менен байланыслы кемшиликлердиң профилактикасы бойынша илажлар ислеп шығылыўын ҳәм әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

жас өспиримлер арасында алкоголизм, шегиў, нәшебентлик ҳәм токсикоманияның тарқалыўы туўралы жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларды хабардар етеди;

үш жасқа шекем болған адасып қалған, таслап кетилген ҳәм ата-ана қәўендерлигинен айрылған басқа да балаларды күни-түни қабыл етиўди ҳәм күтим көрсетиўди әмелге асырады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелерге, сондай-ақ жас өспиримлердиң ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға мәсләҳәт бериўде жәрдемлерин көрсетеди;

алкоголь тәсиринде мәс ҳалатта болған яки нәшебентлик затлар, психотроп яки ақыл-жигерине тәсир етиўши басқа да затлар тәсири астында болған жас өспиримлерди күни-түни қабыл етиўди әмелге асырады ҳәм оларға медициналық жәрдем көрсетеди;

раўажланыўында яки минез-қулқында кемшилиги болған жас өспиримлерге қәнигелестирилген диагноз қойыў ҳәм емлеў-тиклеў жәрдемин көрсетеди;

қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелерине жиберилип атырған жас өспиримлердиң денсаўлығы туўралы белгиленген тәртипте жуўмақлар таярлайды;

спиртли ишимликлер, нәшебентлик затлар, психотроп яки ақыл-жигериниң искерлигине тәсир етиўши басқа затлардан турақлы түрде пайдаланып атырған жас өспиримлерди анықлаў, есапқа алыў, тексериў ҳәм медициналық-социаллық реабилитация етиўди шөлкемлестиреди;

жыныслық жол менен жуқтырылған кеселликлердиң дәреклерин анықлаў, бул кеселликке шалынған жас өспиримлерди тексериў ҳәм емлеўди шөлкемлестиреди.

Денсаўлықты сақлаўды басқарыў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**17-статья. Мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў уйымлары**

Мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў уйымлары өз ўәкилликлери шеңберинде:

социаллық жақтан қәўипли жағдайда болған жас өспиримлерге ҳәм шаңарақларға социаллық жәрдем көрсетиўде белгиленген тәртипте қатнасады;

жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыўда қатнасады;

социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспиримлерге ҳәм шаңарақларға социаллық жәрдем көрсетиў ҳәм оларды социаллық-педагогикалық реабилитация етиўдиң заманагөй усыл ҳәм технологияларынан пайдаланады;

жас өспиримлердиң дем алыўын, социаллық мәкемелерде ашылған дөгереклер яки клубларда дөретиўшилик қәбилетин раўажландырыўды шөлкемлестириўде қатнасады;

майып балаларға медициналық-социаллық жәрдем көрсетиўди тәмийинлейди, майып балаларға социаллық жәрдем көрсетиўдиң комплексли тармақларын раўажландырады;

жас өспиримлерди жумысқа орналастырыў, кәсипке таярлаў, қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириўге көмеклеседи, олар менен дүзилген мийнет шәртнамасын жумыс бериўшиниң басламасы менен бийкар етиў туўралы мәселелерди көрип шығады.

Мийнет ҳәм халықты социаллық қорғаў уйымлары нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**18-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықтың профилактикасында мәдeният ҳәм спорт мәкемелери, туризм саласындағы шөлкемлердиң ҳәм ғалаба хабар қуралларының қатнасыўы**

Мәдeният ҳәм спорт мәкемелери, туризм салысындағы шөлкемлердиң ҳәм ғалаба хабар қураллары өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша мақсетли бағдарламаларды ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўда қатнасады;

жумыслары жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы бойынша илажларды әмелге асырыў менен байланыслы болған балалар ҳәм жаслар жәмийетлик бирлеспелер,

социаллық мәкемелер, жәмәәтлик қорларға ҳәм басқа да шөлкемлерге жәрдем көрсетеди;

жас өспиримлерди оқытыў, олардың бәнтлиги ҳәм дем алысларын шөлкемлестириўде қатнасады;

жас өспиримлерде нызамға бойсыныўшылық сезимин ҳәм саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаў ҳәм қәлиплестириў бойынша жумысты әмелге асырады.

Мәдeният ҳәм спорт мәкемелери, туризм тараўындағы шөлкемлер ҳәм ғалаба хабар қураллары нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**19-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң қатнасыўы**

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер өз ўәкилликлери шеңберинде:

жас өспиримлердиң руўхый, әдеп-икрамлық, ҳуқықый, эстетикалық, физикалық, мийнет тәрбиясында қатнасады, оларда саламат турмыс тәризин қәлиплестириўге көмеклеседи;

социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспиримлерге ҳәм шаңарақларға жәрдем көрсетеди;

жазаны өтеў мәкемелеринен азат етилген яки қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринен қайтып келген жас өспиримлердиң социаллық-педагогикалық реабилитация етилиўи ҳәм көнлигип бейимлесиўине көмеклеседи;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер менен бирге ислеседи.

пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

## III-БАП. ЖЕКЕ ТӘРТИПТЕГИ ПРОФИЛАКТИКА ЖУМЫСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

**20-статья. Өзине тийисли болған жеке тәртиптеги профилактика жумысы алып барылатуғын шахслардың категориялары**

Жеке тәртиптеги профилактика жумысы төмендеги жас өспиримлерге қарата алып барылады:

қадағалаўсыз яки қараўсыз қалғанлар;

антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислегенлер;

қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринде яки социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайларында сақланып атырғанлар;

билимлендириў мәкемелериндеги сабақларға себепсиз келмейтуғын яки турақлы түрде қатнаспайтуғынлар;

ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳәрекетин ислегенлер;

амнистия акты тийкарында яки қылмыстың ямаса шахстың социаллық қәўиплилик сыпатын жоғалтқанлығы себепли яки айыпкер өз қылмысына шын кеўилден пушайман болғанлығы ямаса жарасқанлығы себепли, сондай-ақ жас өспиримди жаза қолланбастан дүзетиў мүмкин деп белгилеген жағдайларда жынаятлы жуўапкершиликтен азат етилгенлер;

социаллық қәўипли қылмыс ислеген, бирақ жынаятлы жуўапкершиликке тартыў мүмкин болған жасқа толмағанлар ямаса руўхый кеселлик пенен байланыслы болмаған жағдайда раўажланыўында өз жасына салыстырғанда әдеўир артта қалыўы ақыбетинде ислеген қылмысының әҳмийетин толық аңлап жетиў уқыбына ийе болмағанлар;

жынаят ислегенликте айыпланып, қамаққа алыў менен байланыслы болмаған иркиў шарасы қолланылғанлар;

мәжбүрлеў шаралары қолланатуғын жынаятлы жуўапкершилик жазасынан азат етилгенлер;

жазаны өтеўден мүддетинен алдын шәртли түрде азат етилгенлер, шахс социаллық қәўип туўдырыў сыпатын жоғалтқанлығы себепли яки айыпкер өз қылмысына шын кеўилден пушайман болыўы себепли ямаса амнистия акты яки кеширим бериў тийкарында азат етилгенлер;

ҳүкимниң орынланыўы кешиктирилгенлер;

шәртли ҳүким етилгенлер, тәртипти дүзетиў ислерине яки азатлықтан айырыў менен байланыслы болмаған басқа жаза түрлерине ҳүким етилгенлер;

жазаны өтеў орынларынан азат етилгенлер яки қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринен қайтып келгенлер;

руўхый кеселлиги себепли денсаўлықты сақлаў мәкемелеринде есапта турғанлар ҳәм ҳуқықбузарлық ҳәрекетлер ислеўге қайым болғанлар.

Жеке тәртиптеги профилактика жумысы социаллық жақтан қәўипли жағдайда болған шаңарақларға қарата ҳәм алып барылады.

**21-статья. Жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыў тийкарлары**

Жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыў ушын усы Нызамның 20-статьясында нәзерде тутылған жағдайлар, егер олар төмендеги ҳүжжетлерде белгиленген болса, тийкар болады:

жас өспиримниң ямаса оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша өзине жәрдем көрсетиў туўралы арзасында;

судтың ҳүкими ҳәм уйғарыўында;

жас өспиримлер ислери бойынша комиссияның, сорастырыўшының, тергеўшиниң, прокурордың яки ишки ислер уйымы баслығының қарарында:

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы мәкемелерге жас өспиримлерди орналастырыў ушын зәрүр болған ҳүжжетлер;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйым яки мәкеме баслығы шағымлар, арзалар яки басқа да хабарларды тексериў нәтийжелери бойынша тастыйықлаған жуўмақта.

**22-статья. Жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыў мүддетлери**

Жеке тәртиптеги профилактика жумысы социаллық ҳәм басқа да жәрдем көрсетиў ушын зәрүр болған мүддетлерде, жас өспиримлердиң қадағалаўсызлығы ҳәм қараўсызлығы, ҳуқықбузарлықлар яки басқа да антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўге мүмкиншилик берген себеплер ҳәм шараятлар сапластырылғанына шекем яки жас өспиримлер он сегиз жасқа толғанға ямаса нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да жағдайлар жүзеге келгенге шекем алып барылады.

**23-статья. Жеке тәртиптеги профилактика жумысының алып барылыўын шөлкемлестириў**

Ишки ислер уйымлары социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспирим менен жеке тәртиптеги профилактика жумысын оның шахсы ҳәм әтирапындағылардың өзине тән өзгешелик белгилерин, жүз берген ҳуқықбузарлық яки антисоциаллық ис-ҳәрекетлериниң өзгешелигин, шаңарақлық тәрбия шараятларын есапқа алған жағдайында алып барады.

Бул жағдайлар жас өспирим, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар, басқа да шахслар менен профилактика сәўбетлерин өткериў, жас өспиримди өзиниң жасаў, оқыў (жумыс) орнына барып көриў, тәрийиплеўши материалларды үйрениў даўамында анықланады.

Социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы жас өспирим менен жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыў даўамында:

жас өспиримниң турмыс тәризи, байланыслары ҳәм нийети анықланады;

жас өспиримге ҳуқықбузарлық яки антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўдиң ақыбетлери түсиндириледи;

жас өспиримниң ҳуқықбузарлық яки антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ислеўиниң себеплери ҳәм шараятлары анықланады ҳәм оларды сапластырыўға тийисли илажлар көриледи;

жас өспиримди ҳуқықбузарлық яки антисоциаллық ис-ҳәрекетлерди ислеўге тартып атырған шахслар анықланады ҳәм оларды белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартыўға тийисли илажлар көриледи;

жас өспиримге унамлы тәсир көрсете алатуғын шахслар тартылады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер менен өз-ара бирге ислесиўде жас өспиримди сақлаў, тәрбиялаў, оған билим бериў, оның бәнтлигин ҳәм дем алысын шөлкемлестириў мәселелери шешиледи.

Социаллық жақтан қәўипли жағдайдағы шаңарақлар менен жеке тәртиптеги профилактика жумысын алып барыў даўамында:

шаңарақтағы саламат орталықты беккемлеўге, ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың балаларға унамсыз тәсир көрсетиўин сапластырыўға тийисли илажлар әмелге асырылады;

ата-ана яки ата-анасының орнын басаўшы шахсларға жас өспиримлерди тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша өз миннетлемелерин орынлаўдан бас тартқанлықтың яки тийисли дәрежеде орынламаўдың, балалардың минез-қулқына унамсыз тәсир көрсетиў ямаса оларға мийримсиз қатнаста болыўдың ақыбетлери түсиндириледи;

шаңарақты жасаў орнына барып көриў, тәрийиплеўши материалларды үйрениў, денсаўлықты сақлаў уйымлары ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери, билимлендириўди басқарыў уйымлары ҳәм билимлендириў мәкемелериниң ўәкиллери, басқа да шахслар менен сәўбетлесиўлер өткериў арқалы ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың турмыс тәризи ҳәм нийети анықланады;

бул жумысқа оларға унамлы тәсир көрсете алатуғын шахслар тартылады;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелер менен өз-ара бирге ислесиўде жас өспиримди сақлаў, тәрбиялаў, оған билим бериў, оның бәнтлигин ҳәм дем алысын шөлкемлестириў мәселелери шешиледи;

жас өспиримди тәмийинлеў, тәрбиялаў ҳәм оларға билим бериў бойынша өз миннетлемелерин орынлаўдан бас тартқан яки тийисли дәрежеде орынламай атырған ямаса олардың минез-қулқына унамсыз тәсир көрсетип атырған яки олар менен мийримсиз қатнаста болып атырған ата-аналар яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға нызам актлеринде нәзерде тутылған тәсир шараларын қолланыў туўралы тийисли мәмлекетлик уйымларға ҳәм басқа да шөлкемлерге белгиленген тәртипте усыныслар киргизиледи.

**24-статья. Жеке тәртиптеги профилактика жумысы алып барылатуғын шахслардың ҳуқықлары**

Жеке тәртиптеги профилактика жумысы алып барылатуғын жас өспиримлер, олардың ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар нызам актлеринде нәзерде тутылған ҳуқықлар менен тәмийинленеди.

Қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемелеринде яки социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайларында сақланып атырған жас өспиримлер белгиленген тәртипте төмендеги ҳуқықлар менен тәмийинленеди:

ата-анасын яки ата-анасының орнын басаўшы шахсларды жас өспиримлердиң усы орынға алып келингенлиги яки орналастырылғанлығы туўралы хабардар етиў;

жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелердиң қарарлары ҳәм лаўазымлы шахслардың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен жоқары турыўшы уйымларға, жас өспиримлер ислери бойынша комиссияларға, прокуратура уйымларына яки судқа шағым етиў;

адамның ар-намысы ҳәм қәдир-қымбатын кемситпейтуғын инсаный қарым-қатнаста болыў;

шекленбеген муғдарда телефонда сөйлесиўлер, басқа байланыс қураллары арқалы сәўбетлесиўлер ҳәм ушырасыўлар жәрдеминде шаңарағы менен байланыста болыў, посылкалар, бандероллар, жөнелтпелер алыў, хат ҳәм телеграммалар алыў ҳәм жөнелтиў;

белгиленген нормалар бойынша пулсыз аўқат, кийим-кеншек, аяқ кийим ҳәм материаллық тәмийнлеўдиң басқа буйымларын алыў.

## IV-БАП. ЖАС ӨСПИРИМДИ СОЦИАЛЛЫҚ-ҲУҚЫҚЫЙ ЖӘРДЕМ КӨРСЕТИЎ ОРАЙЫНА ОРНАЛАСТЫРЫЎ ТӘРТИБИ

**25-статья. Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққындағы материалларды таярлаў**

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыўды талап ететуғын жағдайлар анықланғанда, ишки ислер уйымлары жас өспиримниң ишки ислер уйымлары бөлимлерине алып келинген ўақтынан баслап 48 саат ишинде жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында судқа мүрәжатнама жибериў ушын материалларды таярлаўы шәрт.

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама ҳәм оны усы орайға орналастырыўдың зәрүрлигин тастыйықлаўшы материаллар жас өспирим табылған жердеги ямаса социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайы жайласқан жердеги жынаят ислери бойынша районлық (қалалық) судына ишки ислер уйымы баслығы яки оның орынбасары тәрепинен жибериледи.

**26-статья. Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнаманың суд тәрепинен көрип шығылыўы**

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама ишки ислер уйымы оны усынис еткен ўақыттан баслап 24 саат ишинде жынаят ислери бойынша районлық (қалалық) судтың судьясы тәрепинен жабық суд мәжилисинде жеке тәртипте көрип шығылады.

Өзине байланыслы социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама көрип шығылып атырған жас өспирим, прокурор, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымының, ишки ислер уйымының ўәкиллери суд мәжилисинде қатнасыўы шәрт. Мүрәжатнаманы көрип шығыўда жас өспиримлер ислери бойынша комиссияның ўәкили ҳәм адвокат қатнасыўы мүмкин.

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнаманы көрип шығыў ишки ислер уйымы ўәкилиниң жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў зәрүрлигин тийкарлап бериўши баянатынан басланады. Соңынан прокурор, өзине байланыслы мүрәжатнама көрилип атырған жас өспирим, адвокат, егер суд мәжилисинде қатнасып атырған болса судқа келген басқа шахслар тыңланады, усынылған материаллар үйрениледи.

Уйғарыў судья тәрепинен арнаўлы бөлмеде шығарылады.

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнаманы көрип шығып, судья төмендеги бийликлердиң бирин шығарады:

мүрәжатнаманы қанаатландырыў ҳәм жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында;

мүрәжатнаманы қанаатландырмай қалдырыў ҳаққында.

Судьяның жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнаманы қанаатландырыў яки қанаатландырмай қалдырыў ҳаққында уйғарыўы ол оқып еситтирилген ўақыттан баслап өз күшине киреди ҳәм дәрҳал орынланыўы тийис.

Судьяның жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўы дәрҳал ишки ислер уйымына орынлаў ушын, жас өспиримге, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымына, адвокатқа, егер ол суд мәжилисинде қатнасқан болса мағлыўмат ушын жибериледи.

Судьяның жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўы үстинен судья усы уйғарыўды шығарған күннен баслап он күн ишинде Жынаят ислери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судына, жынаят ислери бойынша районлық, қалалық, судларына жас өспирим, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымы ҳәм адвокат тәрепинен шағым арза берилиўи яки прокурор тәрепинен протест билдирилиўи мүмкин.

Жынаят ислери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судының, жынаят ислери бойынша районлық, қалалық, судларының судьясы жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўы үстинен берилген шағым арзасын (протестин) шағым (протест) келип түскен күннен баслап он күн ишинде көрип шығады ҳәм төмендеги уйғарыўлардан бирин шығарады:

судьяның уйғарыўын өзгериссиз, шағым арзаны (протестти) қанаатландырыўсыз қалдырыў ҳаққында;

судьяның уйғарыўын өзгертиў ҳаққында;

судьяның мүрәжатнаманы қанаатландырыў ҳәм жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў ҳаққындағы уйғарыўын бийкар етиў ҳаққында;

судьяның мүрәжатнаманы қанаатландырмай қалдырыў ҳаққындағы уйғарыўын жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырыў мәселесин шешкен ҳалда бийкар етиў ҳаққында.

**27-статья. Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында сақлаў мүддетин узайтыў тәртиби**

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында сақлаў мүддетин узайтыў ҳаққындағы мүрәжатнама ҳәм усы мүддетти узайтыў зәрүрлигин тастыйықлаўшы материаллар социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайы баслығы яки оның орынбасары тәрепинен бул орай жайласқан жердеги жынаят ислери бойынша районлық (қалалық) судына жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында сақлаўдың мүддетиниң тамам болыўынан кеминде үш күн алдын жибериледи.

Жас өспиримди социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайында сақлаў мүддетин узайтыў ҳаққындағы мүрәжатнама усы Нызамның 26-статьясында белгиленген тәртипте суд тәрепинен көрип шығылады.

## V-БАП. ЖАС ӨСПИРИМДИ ҚӘНИГЕЛЕСТИРИЛГЕН ОҚЫЎ-ТӘРБИЯ МӘКЕМЕСИНЕ ОРНАЛАСТЫРЫЎ ТӘРТИБИ

**28-статья. Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы материалларды таярлаў**

Жас өспиримлер ислери бойынша комиссия жас өспиримге қарата келип түскен оның айыпкерлиги ҳаққында мәселе шешилмей турып бийкарланған яки жуўмақланған жынаят иси матералларын ямаса өзине тийисли жеке тәртиптеги профилактика жумысы алып барылған жас өспиримниң ҳуқықбузарлығы яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлери туўралы материалларды көрип шығып, жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққында судқа мүрәжат етиў яки басқа тәсир шараларын қолланыў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Жас өспиримлер ислери бойынша комиссия жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў туўралы мүрәжатнама менен судқа мүрәжат етиў ҳаққында қарар қабыл еткен жағдайда, ишки ислер уйымлары бул туўралы тезлик пенен хабардар етиледи.

Ишки ислер уйымлары жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў туўралы мүрәжатнаманы судқа жибериў ушын зәрүр болған материалларды он күн ишинде жас өспиримлер ислери бойынша комиссия ушын таярлаўы шәрт.

Ишки ислер уйымлары тийисли мәмлекетлик уйымларға ҳәм басқа да шөлкемлерге зәрүр ҳүжжетлерди усыныў туўралы сораўлар жибереди. Сораўлар алынған күннен баслап бес күн ишинде орынланыўы керек.

Денсаўлықты сақлаў мәкемелери жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў мүмкинлигин анықлаў ушын оны медициналық тексериўден өткереди.

Медициналық тексериў ўақтында жас өспиримде оның қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесинде сақланыўы, тәрбияланыўы ҳәм билим алыўына тосқынлық ететуғын keselliклер анықланған жағдайда, оған тийисли материаллар басқа тәсир шараларын қолланыў ушын жас өспиримлер ислери бойынша комиссияға тапсырылады.

Өзине қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққында материаллар таярланып атырған жас өспирим социаллық-ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайына орналастырылыўы ямаса ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслардың қадағалаўына тапсырылыўы мүмкин болып, олар жас өспиримниң мүнәсип минезли болыўын ҳәм судтың шақырыўы бойынша келиўин тәмийинлеўи шәрт. Судқа келиўден бас тартқан ата-ана яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар, сондай-ақ он алты жасқа толған жас өспиримлер мәжбүрий алып келиниўи мүмкин.

Жас өспиримлер, егер жынаят исин қозғаў бийкар етилген яки жынаят иси тамамланған ямаса жынаятлы жазадан азат етилгенинен баслап бир жылдан артық ўақыт өткен болса қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырылмайды.

**29-статья Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнаманы судқа жибериў**

Ишки ислер уйымы баслығы яки оның орынбасары жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў мүмкинлиги туўралы мәселени көрип шығыў ушын жас өспиримлер ислери бойынша комиссияға төмендеги ҳүжжетлерди жибереди:

жас өспиримниң оқыў (жумыс) орнынан мағлыўматнама ҳәм минезлеме;

жас өспиримниң шаңарақлық-турмыслық шараятларын тексериў акти;

ишки ислер уйымларының жас өспирим тәрепинен ислеген ҳуқықбузарлықлар яки басқа антисоциаллық ис-ҳәрекетлер ҳәм усы себепли көрилген тәсир шаралары ҳаққындағы хабарды өз ишине алған мағлыўматнамасы;

денсаўлықты сақлаў мәкемесиниң жас өспиримниң денсаўлығының жағдайы ҳәм оны қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў мүмкинлиги ҳаққындағы жуўмағы;

Жас өспиримлер иси бойынша комиссия усы статьяның биринши бөлиминде көрсетилген ҳүжжетлерди алғаннан соң жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў туўралы мүрәжатнаманы, алынған ҳүжжетлерди, сондай-ақ жынаят исин қозғаўды бийкарлаған яки жуўмақланған жынаят исиниң материалларын қосымша еткен ҳалда үш суткадан кешиктирмей судқа жибереди.

**30-статья Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнаманың суд тәрепинен көрип шығылыўы**

Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнама жас өспиримлер ислери бойынша комиссия оны усыныс еткен ўақыттан баслап 24 саат ишинде жас өспиримниң жасаў орнындағы жынаят ислери бойынша районлық (қалалық) судтың судьясы тәрепинен жабық суд мәжилисинде жеке тәртипте көрип шығылады.

Өзине қарата қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў туўралы мүрәжатнаманы көрилип атырған жас өспирим, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар, прокурор, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымларының, жас өспиримлер ислери бойынша комиссияның ўәкиллери суд мәжилисинде қатнасыўы шәрт. Мүрәжатнаманы көрип шығыўда ишки ислер уйымының ўәкили ҳәм адвокат қатнасыўы мүмкин.

Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнаманы көрип шығыў жас өспиримлер ислери бойынша комиссия ўәкилиниң жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў зәрүрлигин тийкарлап беретуғын баянатынан басланады. Соңынан прокурор, өзине қарата мүрәжатнама көрилип атырған жас өспирим, адвокат, егер суд мәжилисинде қатнасып атырған болса, судқа келген басқа шахслар тыңланады, усынылған материаллар үйрениледи.

Уйғарыў судья тәрепинен арнаўлы бөлмеде шығарылады.

Жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққында муражатнаманы көрип шығып, судья төмендеги уйғарыўлардың бирин шығарады:

мүрәжатнаманы қанаатландырыў ҳәм жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине усы мәжбүрлеў шарасын қолланыў мүддетин көрсеткен ҳалда орналастырыў ҳаққында;

жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырмай дүзелиўи мүмкинлигин тастыйықлаўшы жағдайлар яки оны усы мәкемеге орналастырыўға тосқынлық ететуғын себеплер судья тәрепинен анықланған жағдайларда, мүрәжатнаманы қанаатландырмаў ҳәм материалларды жас өспиримлер ислери бойынша комиссияға жас өспиримге қарата басқа тәсиршең шараларын қолланыў ушын жибериў ҳаққында.

Судьяның жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў туўралы мүрәжатнаманы қанаатландырыў яки қанаатландырмаў туўралы уйғарыўы ол оқып еситтирилген ўақыттан баслап өз күшине киреди ҳәм дәрҳал орынланыўы тийис.

Судьяның жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўы дәрҳал бул уйғарыўды орынлаўды тәмийинлеўши уйымлар ҳәм мәкемелерге жибериледи, жас өспиримге, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахсларға, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымына, адвокатқа, егер ол суд мәжилисинде қатнасқан болса мағлыўмат ушын жибериледи.

Судьяның жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққында мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўы үстинен судья усы уйғарыўды шығарған күннен баслап он күн ишинде Жынаят ислери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судына, жынаят ислери бойынша районлық, қалалық, судларына жас өспирим, оның ата-анасы яки ата-анасының орнын басыўшы шахслар, әменгерлик ҳәм қәўендерлик уйымы, жас өспиримлер иси бойынша комиссия ҳәм адвокат тәрепинен шағым арза берилиўи яки прокурор тәрепинен протест билдирилиўи мүмкин.

Жынаят ислери бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судының, жынаят ислери бойынша районлық, қалалық, судларының судьясы жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнама бойынша шығарылған уйғарыўы үстинен берилген шағым арзасын (протестин) шағым (протест) келип түскен күннен баслап он күн ишинде көрип шығады ҳәм төмендеги уйғарыўлардан бирин шығарады:

судьяның уйғарыўын өзгериссиз, шағым арзаны (протестти) қанаатландырыўсыз қалдырыў ҳаққында;

судьяның уйғарыўын өзгертиў ҳаққында;

судьяның мүрәжатнаманы қанаатландырыў ҳәм жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы уйғарыўын бийкар етиў ҳаққында;

судьяның мүрәжатнаманы қанаатландырмай қалдырыў ҳаққындағы уйғарыўын жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў мәселесин шешкен ҳалда бийкар етиў ҳаққында.

**31-статья. Судтың жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўын орынлаў**

Судтың жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў ҳаққындағы мүрәжатнама бойынша шығарған уйғарыўының орынланыўын төмендегилер тәмийинлейди:

жас өспиримлер ислери бойынша комиссия жас өспиримге қатнаслы қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине орналастырыў менен байланыслы болмаған басқа тәсир шараларын қолланыўға тийисли бөлегин;

социаллық - ҳуқықый жәрдем көрсетиў орайы жас өспиримди қәнигелестирилген оқыў-тәрбия мәкемесине алып барыўға тийисли бөлегин;

қәнигелестирилген оқыў - тәрбия мәкемеси жас өспиримди усы мәкемеде сақлаў мүддети даўамында оның дүзелиўи ҳәм социаллық - педагогикалық реабилитация етилиўин тәмийинлеўге тийисли бөлегин.

## VI-БАП. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

**32-статья. Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелерди финанслық ҳәм материаллық - техникалық тәмийинлеў**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасын әмелге асырыўшы уйымлар ҳәм мәкемелерди финанслық ҳәм материаллық-техникалық тәмийинлеў Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджетиниң қаржылары ҳәм нызам актлеринде қадаған етилмеген басқа да дәреклер есабынан әмелге асырылады.

**33-статья. Тартысларды шешиў**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың профилактикасы саласындағы тартыслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**34-статья. Жас өспиримлер арасында қараўсызлық ҳәм ҳуқықбузарлық-лардың профилактикасы ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлық ушын жуўапкершилик**

Жас өспиримлер арасында қадағалаўсызлық ҳәм ҳуқықбузарықлардың профилактикасы ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.